Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий УФ-м и Президентым хуэзащ

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ ди щІыналъэм щыІэ социально-экономикэ щытыкІэм.

Путин В.: Фи Іэуихурэр дауэ щыт Юрий Александр и къуэ?

КІуэкІуэ Ю.: Берычэт бесын, Владимир Владимир и къуэ, долажьэ. КІэщІу ди Іэуихурэм щыгъуазэ уахуэсщІынщ.

Владимир Владимир и къуэ. Уэ 2014 гъэм къытхуэбгъэувауэ щытащ республикэм и экономикэм и щытыкІэм зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ тщІыгъуу дыхэплъэну. Абы щыгъуэ экономикэр екуэхырти, Іэнатіэ къэс тещІыхьауэ зыхуэфащэ Іэуихурэр дубзыхуащ икІи абы и фІыщІэкІэ 2014 гъэм экономикэм и къыкІэрыхуныгъэр къыззтедгъэувыІащ, уеблэмэ абы зиІэтыжу хуежьащ.

2015 гъэри апхуэдэ дыдэу екІуэкІащ. Валовэ щІыналъэ продуктыр проценти 103,3-м, промышленностым и продукцэр проценти 105-м нэсащ. Мэкъумэш хозяйствэми къыщалэжь продукцэр проценти 104,4-рэ, ухуэныгъэм щекІуэкІ лэжьыгъэр проценти 108,2-рэ, псэупІэхэр ухуэнымкІэ зэфІагъэкІхэр проценти 112,1-рэ хъуащ. Уэри зэрыпщІэжщи, инвестицэхэм я лъэныкъуэкІи ди Іуэхуэхэр щІагъуэтэкъым, иджы зы илъэсым кърибыдэу абы проценти 121,1-м нэсу зиІэтащ.

Бюджетым, налог ахъшэу къыхахым и гугъу пщІымэ, мы Іэнатіэмэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр щекІуэкІащ. ИпэжыпІэкІэ къапщтэмэ, налогыу, фІэкІыпІэ имыІэу ят ахъшэу бюджетым и Іэнатіэ псоми къыІэрыхьэр процент 23,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, мы Іэнатіэмэ нэхъри зиужьащ.

А лъэхъэнэм кърибыдэу, зи гугъу сщІыр 2014 - 2015 гъэхэщ, дэ ухуэныгъэ зэмылІужьыгъуэу 200-м нэблагъэ лажьэу дутІыпщащ. Абыхэм хиубыдэу, егъэджэныгъэр, псом хуэмыдэу зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зыхуэфащэ Іэуихурэм ІэкІэмкІэ къызэгъэпэщыныр япэ игъэщын хуейуэ Уэ къызэрыбгъэувам тету, дэ хуэвгъэм щынэхъ ин дыдэ сабий Іэуихурэм ІэкІэм ящыщ зыр - «Дыгъэпс къалэ» творчествэмкІэ сабий академиер хьэзыр тщІащ. Ар илъэсыщІэр кхъблэгъэпауэ къыззэІутхащ. Псори зэхэту абы илъэситху ныбжьым итхэм я деж щегъэжьауэ сабий 5000 хуэдиз екІуэлІэнущ. Мыбы хьихьэ унэхэм ящыщ зым сабий зэчиифІэхэм я школ, адрейм роботехникэм, нанотехнологиехэм зыщыхуагъасэ Іэнатіэхэр щылэжьнущ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, зи школ щІэтІысхьэгъуэ мыхъуахэр гъэсэнымкІэ абы зыхуей псори хэтщ.

Апхуэдэу, Владимир Владимир и къуэ, да мы Іуэхущ Іапі эр министерствэ пыухыкІахэм я жьауэм щІэдгъэуващ. Къапщтэмэ, Лебедев Вячеслав Михаил и къуэр (УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ Іыр) кІэлъыплъынущ мы Іуэхущ Іапі эм правовой лъэныкъуэм зэрыщІыхурагъаджэм, МЧС-м хуэгъэзэ зэрырагъаджэ программэхэри зэхалъхьащ.

Зэман гъунэгъум къриубыдэ дэ а Іуэхущ Іапі эм и къудамэу щы районхэм ящыщ зыІутхыну ди мурадщ.

ЕтІуанэ ухуэныгъэ инщ метр 3847-м нэсыху Іуащхьэмахуэ дэкІыу гъэ кІуам и кІэухым къызэІуаха кІапсэ гъуэгур, зэрыжаІэщи, Европэм апхуэдэ лъагагъ зиІэ гъуэгуфэр щаухуэркъым, ар нэхъ лъагэ дыдэщ. Абы егъэщІылІауэ лыжжькІэ къыщажьхьэ иджырей гъуэгу тэмэм щащІащ. А ухуэныгъэр щекІуэкІа щІыпІэр Монблан нэхърэ метр 70-кІэ нэхъ лъагэщ.

Мазаем и 15 - 22-хэм дэ бгы-лыжжэкмкІэ цІыхухъуэмрэ цІыхубзэмрэ я Урысей чемпионат ердъэкІуэкІащ икІи ар хъарзынэу зэфІэкІащ.

Абыхэм къадэкІуэу, Владимир Владимир и къуэ, къэралымрэ цІыху щхьэхуэхэмрэ я мылькыр зэщІыгъуу къагъэсэбэпыныжкІэ программэм тету дэ зэгъабэ зы илъэс ныкъуэм къриубыдэу Урысейм щынэхъ ин дыдэ хадэхэкІ хъуманІэхэм ящыщ, тонн мин 75-рэ щІэхуэзу, духуащ. Абы Іэмал къыдитащ цІыху 400-м нэблагъэ лэжьапІэкІэ къызэдгъэпэщыну. Аэр бизнес мыиныкмрэ унагъуэ бизнесымрэ зезыхьэхэрщ икІи хадэхэкІ къззылэжьхэрщ. Ауэ щхьэхуэ-щхьэхуэу дэтхэнэми и Іуэху зэрыдимыгъэкІыжьыфи къыхэкІыу псори мы хадэхэкІ хъуманІэм пыщІауэ лэжьэныр зэтедухуащ икІи а Іуэхум адэкІи зедгъэуужьыну ди мурадщ.

Апхуэдэу горох щхъуантІэу, нартыху Іэфіу условнэ банкІ мелуани 120-рэ къыщІэзыгъэкІ Іуэхущ Іапі эхэр агропромышленнэ комплексым и Іэнатіэм къыщызэІутхащ.

Накъыгъэ маздэм къыдэбгъэкІауэ щыта указхэм я гугъу пщІымэ, ахэр гъэззэщІэнымкІэ дыкъыкІэрыхуркъым. 2014 - 2015 гъэхэм дэ сабий садхэм аргуэру къахэдгъэхъуащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуа цІыкІуу мини 5 зыщІэхуэну Іуэхущ Іапі эхэр. ИпэжыпІэкІэ къапщтэмэ, 2016 гъэ къызэрыуэнэхурэ апхуэдэ Іуэхущ Іапі эхэр зи ныбжьыр илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэсхэм папщІэ зэпэубыдауэ щытыжкъым.

Адрей указхэри нэгъэсауэ дгъэзэщІафыну согугъэ.

ЦІыхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным и гугъу пщІымэ, Уэри абы гу зэрылъыдгбгъэтауэ щытам хуэдэу, Іуэхущ Іапі эхэр терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэм ящыхъумэныжкІэ, шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщІыныжкІэ лажьыгъэ пыухыкІа екІуэкІащ, адрей уголовнэ хабзэншагъэхэри, псом хуэмыдэу щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ, нэхъ мащІэ мэхъу.

Террорист щІэпхъаджагъэхэм я гугъу пщІымэ, ди Іуэхум нэ техуэным хуэдэщ - нэгъабэ апхуэдэ щІэпхъаджагъи къэдгъэхъуакъым. Иджыпсту хабзэхъумэ органхэри къулыкъу хэхахэри зэгурыІуэу зэдолажьэ. Ари дэ яп э идгъэщ Іуэхуэм ящыщщ.

БлэкІа илъэсым республикэм турист мин 300-м нэблагъэ зыщагъэпсэхуащ, нэгъуэщІ къэралхэм къикІауэ цІыху мин 25-м нэблагъэ яхэту икІи а Іуэхум дэ адэкІи зыдогъэуэжь.

Путин В.: Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр иджыри екІуэкІрэ?

КІуэкІуэ Ю.: ЙокІуэкІ, зыгъэпсэхугъуэ зэманыр иджыри иухакъым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Языныкъуэ хьэрычэтыщІэхэм налогхэр щхьэщахынущ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр ящыщІэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ.

ДЕПУТАТХЭМ абы къыщащта унафэм иткІэ иткІэ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м сихьэти 10.00-м Парламентым и Унэм къыщыІэзІуахынущ.

«Налогхэр нэхъ къызэрыгуэкІ хабзэм тету яту икІи патенткІэ лажьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм налогхэм я ставкэу 0 процент яхуэзэувыным и Іуэхуэкъэ» КъБР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ къриІухьащ БюджетымкІэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ Афэщ Іагъуэ Михаил. Мы законопроектыр зытеухуар налогхэр нэхъ къызэрыгуэкІ хабзэм тету яту икІи патенткІэ лажьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм езыхэм къэралым зыщагъэтхам щегъэжьауэ илъэситкІэ зэкІэлъыкІуэу налогхэр ящхьэщыхынырщ.

Мы законопроектым налогхэр ящхьэщыхыпхъу къелъытэ производствэм, социальнэ, щІэныгъэ Іэнатіэхэм, Іуэхутхьабзэхэм ехьэлІа хьэрычэт лэжьыгъэу 30-м нэблагъэм пыщІахэм. Законопроектыр мы Іуэхум пыщІа органхэмрэ организацэхэмрэ, Парламентым и депутатхэм я Іуэхуэмрэ щІыналъэм и ухуэнымкІ Іуэхуэхэм я щІэныгъэ зэрыгъэзэщІырт. Нэхъыбэу абы гулъытэ зыхуищІыр дуней къэхъукъащІэхэрат. Мэкъумэш щІэным си гъащІэр теухуа адыгэхэм абы ехьэлІа Іуэхугъуэ псоми зрагъэужьырт. Абыхэм хеубыдэ ди мазэрыбжэри.

Ящыщ ІыкІэ адыгэм илъэсыр Іыхьитіу дгъэшу щытагъэнущ - гъэрэ щІыпІэ е гъэмахуэ пІалъэрэ щІымахуэ пІалъэрэ. Абы и щІыхьэту кІыщІэкІынщ нобэ ди гъащІэм хэт псалъэуха «Гъэрэ ЩІыпІэ зэхэкІащ» жьыхуиІэр. Нэхъ иужьыІуэкІэ илъэсыр пІалъипліу ягъэш хъуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щІымахуэ. Мыбы дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ яубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щІыхъуКІэ, илъэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу апхуэдэт. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, илъэс къэс махуэ зытхух къудидзэрт. Ахэр адыгэхэм тхьэлъэІу махуэхэу яльытэу щытащ. Апхуэдэ тхьэлъэІу махуэхэм ящыщт Гъэрэ ЩІыпІэ щІэзэхэкІ махуищыр, ІутІыж, вакІуэдзкІ, вакІуэихьэж, гъубжэдзж, нэгъуэщІхэри.

Илъэсыр Іыхьипліу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «Вагъуэбэкіэ» зэджэ вагъуэбыным. Ди бэзм къыхэхуэжахэр еттыныжрщ. Мыр унэщІащ, фэтэр 12 мэхъу. Абыхэм ящыщу 5-м я ІуикІыбзэІуэхэр нобэ зэттынуэр мы тыгъэ льэпІэм зэрыщІыгуфІыкІынум щэч хэлъкъым, - къыхигъэщащ министрым, къыззхуэсахэм защыхуигъаззм.

Щвачий Татьянэ я псалъэхэр и гуапэу диІыгъащ. Абы зэрыжиІамкІэ, псори зэхэту псэупІэ пэшу 82-рэ нэгъабэ къащэхуащ. 42-р унэщІэхэм хэт фэтэрхэщ.

АфІэунэ Аслъэн гуфІэгъуэ зэхьыхьэ кърихьэлІа хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи унэщІэр зи мылькукІэ езыгъэхуэа анэсрейдэс Унащ Іэ Альберт щытхъу хужиІащ, щыпсэунухэм ехъуІэныгъэрэ насыпрэ яІэну ехъуэхъуащ.

Къызэхуэсахэм я Іэгуаущ Іэ щІэту Емуэ Нинэ ІуикІыбзэІуэхэр псэупІэхэр зейхэм яритыжащ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щэуапі э.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№52 (23.210) ● 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Эксперт-аналитикэ советым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм пыщІа Іуэху нэхъыщхьэхэм ятеуухуауэ къыхалъхьэхэм пэублэу хэпльэн икІи ахэр гъэхьэзырын мурадкІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Эксперт-аналитикэ совет къызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы Указым щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Эксперт-аналитикэ советым теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэ Эксперт-аналитикэ советым хэтхэр.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№27-УГ

(Указым и гуэдзэнхэр 2-нэ напэкІуэцІым итщ).

● ПсэупІэщІэхэр

ІуикІыбзэІуэхэр щратыж

Сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я нэІэ щІэмытыжхэмрэ псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным тещІыхьа программэм ипкъ иткІэ, Анзорей къуажэм щауха унэм щыщу фэтэри 5-м я ІуикІыбзэІуэхэр зейхэм гуфІэгъуэ щытыкІэм иту гъатхэпэм и 18-м иратыжащ.

А ІУЭХУ гуапэм кърихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхьэмкіэ министр **Емуэ Нинэ**, республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналь нэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Швачий Татьянэ**, Лэскэн щІыналъэ администрацэм и унафэщІ **АфІэунэ Аслъэн**, къуажэдэсхэр.

- Мыр проект гъэзэджэщ, республикэм щыяпэщ. Дэ иджыри къыздэсым си яужь дитар псэупІэ рынокым фэтэрхэр къыщыщэхунырщ, зэгъэпэщыжынырщ, зэдгъэзэхуэжахэр еттынырщ. Мыр унэщІащ, фэтэр 12 мэхъу. Абыхэм ящыщу 5-м я ІуикІыбзэІуэхэр нобэ зэттынуэр мы тыгъэ льэпІэм зэрыщІыгуфІыкІынум щэч хэлъкъым, - къыхигъэщащ министрым, къыззхуэсахэм защыхуигъаззм.

Швачий Татьянэ я псалъэхэр и гуапэу диІыгъащ. Абы зэрыжиІамкІэ, псори зэхэту псэупІэ пэшу 82-рэ нэгъабэ къащэхуащ. 42-р унэщІэхэм хэт фэтэрхэщ.

АфІэунэ Аслъэн гуфІэгъуэ зэхьыхьэ кърихьэлІа хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи унэщІэр зи мылькукІэ езыгъэхуэа анэсрейдэс Унащ Іэ Альберт щытхъу хужиІащ, щыпсэунухэм ехъуІэныгъэрэ насыпрэ яІэну ехъуэхъуащ.

Къызэхуэсахэм я Іэгуаущ Іэ щІэту Емуэ Нинэ ІуикІыбзэІуэхэр псэупІэхэр зейхэм яритыжащ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щэуапі э.

И пщІэм хохъуэ

«Левада-Центр» аналитикэ Іуэхущ Іапі эр гъатхэпэм и 11 - 14-хэм урысей щыхуэхэм еупщІащ. УФ-м щекІуэкІыну зи чэзу президент хэхыныгъэхэм къэрал унафэр дзыхь нэхъ зыщыхуэщІыпхъэу къалъытэр зригъэщІэн мурадкІэ.

ЗэупщІахэм я Іыхьэ щанитІыр хуейщ Путин Владимир УФ-м и Президент къулыкъум къыкІэлъыкІуэ пІалъэми къытеэну. ЦІыхухэм апхуэдэу къыщІалъытэри къагъэнаІуэ: политикэм илъэс куэд пІандэрэ хэтщи, абы фІыуэ хещІыкІ, и Іуэху епльыкІэр сыт хуэдэ утыкуми къыщІызыгъэлъэгъуэф, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр пхызыгъэкІыф унафэщІщ.

ЗэупщІахэм я процент 65-р арэзы тохъуэ Путиным и Іуэхущ Іафэхэм. Процент 22-м нэхъ яфІэтэмэмыр 2018 гъэм гъатхэпэм екІуэкІыну хэхыныгъэхэм яужькІэ къэрал унафэр нэгъуэщІ зыгуэрым Іэщ Іэлъхьэныгъ.

«Урысейм и Президент Путин Владимир и рейтингым хуэдэ иІэным щІохьуэпс дэтхэнэ политикри. ЦІыхубзэм ар унафэщІ лъэрызехьэу зэрыщытыр зыхащІэ икІи дзыхь хуащІ. КъухьэпІэм къахуигъэув лъэпощхьэпохэм пэщІэтыф, Урысейм и пщІэр дуней щызыІэт, я къэралым и лъэщагъым хэзыгъахьэу Іэтащхьэ къалъытэри», - нэхъ пасэу апхуэдэу жиІащ США-м зыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Стюарт Винсент.

Политологхэм къызэрыльытэмкІэ, Путиным и пщІэр емыхуэхяу, уеблэмэ абы хэхъуэ зэпыту ирихьэлІэнущ зи чэзу хэхыныгъэхэми.

Сирием щыпсэухэм зыщІагъакъуэ

Японием и правительствэм унафэ къищтащ Сирием и щІыхуэхэм доллар мелуанитухкІэ защІэгъэкъуэным теухуауэ.

Японием нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Кисидэ Фумио мы илъэсыр щыщІидзэм жиІауэ щытащ Сириемрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ щытыкІэр зэтес щыхъужыным, а щІыпІэхэм мамырыгъэр щызэтеувэжыным доллар мелуан 350-рэ хухахыну. Абы щыщ Іыхьэщ Сирием мыгувэу зэрыдэІэпыкъуну. Ахъшэр къызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъынущ дунейпсо Іуэхущ Іапі э зыбжанэ, абыхэм яхэтщ Жор Плъыжьым и Дунейпсо комитетыр, ООН-м и Іуэхущ Іапі э хэхауэ зауэ щекІуэкІа щІыпІэхэм лагъыкъэр къыщыщІэхьжьным елэжьыр.

Доллар мелуанитхур хухахынущ цІыхухэр ерыскъыкІэ къызэгъэпэщыным, къэралым и щІыпІэ пхыдзахэм щыпсэухэм псыр зэпымыууэ яІэным, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм ар и чэзум ягъуэтыным.

НОБЭ

♦**Псыхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Балтие тенджызым и махуэщ**

♦**Таксистым и дунейпсо махуэщ**

♦**1874 гъэм** Нью-Йорк и Стейтен Айленд щыпІэм дунейм щыяпэу щрагъэкІуэкІащ теннисымкІэ зэпеуэ.

♦**1895 гъэм** Париж яп э кинофильмыр щагъэлъэгъуащ. «Люмьерхэм я заводым лэжьакІуэхэр къыдокІыж» - арат а фильм кІэщІым зэрездэж.

♦**1933 гъэм** фашист Германием щащІащ Дахау концлагерыр.

♦**1951 гъэм** СССР-м лэжьэн щыщІидзащ Телевиденэм и студие нэхъыщхьэм.

♦Актёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артист **Жжёнов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Жамбэч Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм доктор, КъБКъМУ-м и профессору икІи и апэ ректору щыта **Фиізпщэ Борис** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей уэрэджы Іакіуэ, музыкант, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Сюткин Валерий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псэм хуабэ и щІасэщ.

Угъурлыуэ Тхьэм къытхущІигъэкІ!

Адыгэхэр дунейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Илъэс мин бжыгъэхэм къыщыкІэрыхьэм абыхэм я тхыдэм, я хабзэм и лъабжьэр къыщежьар. Абы зэман блэкІа куэдым я нэпкъыжьэ тельщ. Ар уи фІэщ хъун щхьэкІэ ирикъунщ адыгэбзэм и къуеІэгъыр, абы хэт фІэщыгъэхэм я къэхъукІэм и гъэщІэгъуэнагъыр. Ещхьырыкъабзэщ адыгэ хабзэм цІыхум я зэхущытыкІэ дахэхэр зэрызэригъаКІуэр, дунеймрэ цІыхумрэ яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр ди хабзэхэмрэ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ къызэрыхэщыр.

АПХУЭДЭУ дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсым и щытыкІэ зэхуэмыдэхэмрэ абыхэм яІэ плъыфэ зэмыщхьхэмрэ игу ириубыдэурэ, дунейм хуэІэзэ хъурт, цІыхум бгъэдэлъ щІэныгъэм зригъэужьащІырт. Нэхъыбэу абы гулъытэ зыхуищІыр дуней къэхъукъащІэхэрат. Мэкъумэш щІэным си гъащІэр теухуа адыгэхэм абы ехьэлІа Іуэхугъуэ псоми зрагъэужьырт. Абыхэм хеубыдэ ди мазэрыбжэри.

Ящыщ ІыкІэ адыгэм илъэсыр Іыхьитіу дгъэшу щытагъэнущ - гъэрэ щІыпІэ е гъэмахуэ пІалъэрэ щІымахуэ пІалъэрэ. Абы и щІыхьэту кІыщІэкІынщ нобэ ди гъащІэм хэт псалъэуха «Гъэрэ ЩІыпІэ зэхэкІащ» жьыхуиІэр. Нэхъ иужьыІуэкІэ илъэсыр пІалъипліу ягъэш хъуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щІымахуэ. Мыбы дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ яубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щІыхъуКІэ, илъэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу апхуэдэт. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, илъэс къэс махуэ зытхух къудидзэрт. Ахэр адыгэхэм тхьэлъэІу махуэхэу яльытэу щытащ. Апхуэдэ тхьэлъэІу махуэхэм ящыщт Гъэрэ ЩІыпІэ щІэзэхэкІ махуищыр, ІутІыж, вакІуэдзкІ, вакІуэихьэж, гъубжэдзж, нэгъуэщІхэри.

Илъэсыр Іыхьипліу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «Вагъуэбэкіэ» зэджэ вагъуэбыным. Ди бэзм къыхэхуэжахэр еттынырщ. Мыр унэщІащ, фэтэр 12 мэхъу. Абыхэм ящыщу 5-м я ІуикІыбзэІуэхэр нобэ зэттынуэр мы тыгъэ льэпІэм зэрыщІыгуфІыкІынум щэч хэлъкъым, - къыхигъэщащ министрым, къыззхуэсахэм защыхуигъаззм.

Щвачий Татьянэ я псалъэхэр и гуапэу диІыгъащ. Абы зэрыжиІамкІэ, псори зэхэту псэупІэ пэшу 82-рэ нэгъабэ къащэхуащ. 42-р унэщІэхэм хэт фэтэрхэщ.

АфІэунэ Аслъэн гуфІэгъуэ зэхьыхьэ кърихьэлІа хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи унэщІэр зи мылькукІэ езыгъэхуэа анэсрейдэс Унащ Іэ Альберт щытхъу хужиІащ, щыпсэунухэм ехъуІэныгъэрэ насыпрэ яІэну ехъуэхъуащ.

Къызэхуэсахэм я Іэгуаущ Іэ щІэту Емуэ Нинэ ІуикІыбзэІуэхэр псэупІэхэр зейхэм яритыжащ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щэуапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №27-УГ-мкIэ къыщыдатащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Эксперт-аналитикэ советым теухуа ПОЛОЖЕНЭ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Эксперт-аналитикэ советыр (адэкIэ - Совет) республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iэхэу нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм яхуэгъэзауэ къыхалхьэ Iэхэуэр экспертизэ щIынымрэ зыхуэфащэ чэнджэщэгъэ хэлъхьэныгъэ телэжьэн папщIэ къызэрагъэпэщауе коллегиальнэ чэнджэщэгъу органщ.

2. Советым езым и лэжьыгъэр къызэрегъэпэщ Урысей Федерацэм и Конституцэм, Федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и адрей хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ, апхуэдэу мы Положенэм къагъэувкэм тету.

3. Советым теухуа Положенэмрэ а Советым хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьещтэ.

4. Советым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ:

республикэм щыIэ социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iэхэуэр зэпкрыхьныжрэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм зэрыратынум хуэгъэхьэзырыныжрэ;

республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм хуэгъэза Iэхэуэм ятеухуа аналитикэ, информацэ, нэгъуэщI материалхэр, эксперт тхыгъэхэр гъэхьэзырыныр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм экономикэ, социальнэ мыхьэнэ хэха зиIэ унафэхэр къэщтэныжмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэ псори гъэхьэзырыным щIэныгъэ, эксперт лэжьакIуэхэр кьыхуэзщIэгъэуIуэныр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программхэр гъэзэщIэным кьыпэкIуену сэбэпынагъыр къэлъытэным хуэгъэза лэжьыгъэм хэтыныр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм пыщIа и хабзэ мардэхэм я проектхэм я экспертизэ егъэкIуэкIыным хэтыныр;

мы кьакIэлъыкIуэ Iэхэухэм ятеухуа экспертизэ егъэкIуэкIыныжрэ ахэр гъэзэщIэныжмкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр убзыхуныжрэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIынальэхэм, Iэнатlэхэм, псэуныгъэм пыщIа и Iэхэухэм ятеухуауэ;

бюджет мылькур кьызэрагъэсэбэпыр егъэфIэкIуэным теухуауэ;

лэжьапIэнщэхэр гъэмэщIэным, лэжьапIэ Iэнатlэщ Iэхэр зыщIэхьэным теухуауэ;

щIыуэпсым и хьугъэфIыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ икIи комплексэу къэгъэсэбэпыным теухуауэ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуныжрэ ахэр гъэбыдэныжрэ теухуауэ.

5. Къэпэщыт къалэнхэр игъэзэщIэн папщIэ Советым хуитныныгъэ иIэщ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэм, кьулыкъущIэхэм я деж езыр зыхуей материалхэм щыIэ хабзэхэм тету щыщIэнуи икIи ахэр кьаIыхину;

къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, организацэхэм я лIыкIуэхэр езым и зэIущIэхэм кьригъэблагъэну;

къэхутэныгъэ, аналитикэ, эксперт лэжьыгъэхэм организацэхэр, апхуэдэу щIэныгъэлIэхэмрэ Iэщ IагъэлIэхэмрэ щыIэ хабзэхэм тету кьыхишэну;

советым хэтхэр, властым и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, организацэхэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэлIэхэмрэ экспертхэмрэ зыхиубыдэ эксперт, лэжьакIуэ гупхэр кьызэригъэпэщыну.

6. Советыр кьызэрагъэпэщ Советым и тхьэмадэр, абы и кьуэдзэр, секретарыр, апхуэдэу пщIэншэу я къалэныр ирахьэкIыу Советым хэтхэр хиубыдэу.

7. Советым и секретарым:

Советым иригъэкIыну лэжьыгъэхэм я планыр егъэхьэзыр, Советым и зэIущIэхэр егъэхьэзыр, а зэIущIэхэр зыхэпIэныну Iэхэухэм я проектхэр зэхелъхьэ;

Советым и зэIущIэхэм кьыщагъэсэбэпыну материалхэмрэ зэIущIэхэм ящащтэну унафэхэм я проектхэмрэ гъэхьэзырыныр кьызэрегъэпэщ;

Советым и деж щыIэ эксперт, лэжьакIуэ гупхэм я лэжьыгъэр зэблагъэкI.

8. Советым хэтхэм:

Советым и зэIущIэхэм зыщыхэлпIэныгъэмрэ кьащтэну унафэхэм я проектхэмрэ ятеухуа Iэхэухэр кьыхалхьэх;

Советым и жэрдэмкIэ зэхалъхьэ хабзэ мардэхэмрэ адрей документхэмрэ я проектхэм ятеухуа Iэхэухэр кьыхалхьэх;

Советым и компетенцэм хиубыдэ Iэхэухэм япыщIа материалхэр гъэхьэзырыным холэжьхьэх.

9. Советым и зэIущIэхэр хуей щыхъуи деж ирагъэкIуэкI. Советым и зэIущIэр Советым и тхьэмадэм е абы пщэрылъ зэрыщищIам тету Советым и тхьэмадэм и кьуэдзэм ирагъэкIуэкI. Советым и зэIущIэр щыкIуэкIыну махуэмрэ зэманымрэ, абы кьыщагъэтыну Iэхэухэр Советым и тхьэмадэм еубзыху.

10. Советым и зэIущIэм кьищтэ унафэхэм хэкIару яIэщ абы Советым хэтхэм я зэхэудитIым нэхърэ мынэхъ мащIэр кьриихьэлIамэ. Советым и унафэхэр Советым хэтхэм ящыщу зэIущIэм кьрихьэлIаxэм я нэхъыбэм Iэ зэрагъэтам тету кьащтэ, протоколу ятхыжрэ, зэIущIэр езыгъэкIуэкIам Iэ щIедзыж. Советым и унафэхэм чэнджэщ кьару яIэу арауц.

11. Советым и лэжьыгъэр кьызэрегъэпэщыныгъэ-техникэ IэхэухэмкIэ кьызэщIагъэуIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Правительствэмрэ я IэхэухэмкIэ управленэм зыхуэфащэ я Iэнатlэхэмрэ абыхэм кьулыкъу щысыныгъ цIыхухэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №27-УГ-мкIэ къыщыдатащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Эксперт-аналитикэ советым хэтхэр

Тау П. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и чэнджэщэгъу пажэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Федченко Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ советым и унафэщIым и кьуэдзэр *(Советым и тхьэмадэм и кьуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Ажахъуэ Къ. М. - «БУМ-БАНК» коммерцэ банк жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Ахубеков Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и кьуэдзэр

Бэждыгъу Т. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм биснесым и Iэнатlэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныжмкIэ, Iэхэухэр зэпеуэныжмкIэ и департаментым и унафэщIыр

Балъкъэшэ М. Хь. - «КIуэкIэу В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щагъасэгъуэт федеральнэ бюджет Iэхэуэщ Iэнатlэм и УправленэмкIэ и институтым и кафедрэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бердюжэ В. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр, «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Бирюк А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и кьуэдзэр

Гъащэ Э. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и ЩIыналъэ кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

ГъукIэпщокъуэ М. Хь. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щагъасэгъуэт федеральнэ бюджет ЕджапIэм ЭкономикэмкIэ, правэмкIэ, финансхэмкIэ и институтым и кафедрэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Дэш Хь. А. - «Каскад» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Жангоразовэ Ж. Къ. - «КIуэкIэу В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щагъасэгъуэт федеральнэ бюджет Iэхэуэщ Iэнатlэм УправленэмкIэ и институтым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Иуан П. М. - «Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академиеи и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» щIэныгъэм елэжь федеральнэ къэрал бюджет Iэхэуэщ Iэнатlэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къаздэхъу А. Б. - Урысейм Жыг хадэ щызыгъэкIхэм я ассоциацэм и вице-президентыр *(зэгурыIуауэ)*

Къылъшыкъуэ А. И. - «ОПОРА России» бизнесым и Iэнатlэ мыинымрэ курытымрэ защIэзыгъакъуэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIэныгъэ кьудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Коновалов О. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэм и къэрал унафэщIыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Министерствэ ЩIэныгъэ, экологиемкIэ и министрым и кьуэдзэр

Лыдыкъэ Р. А. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щагъасэгъуэт федеральнэ бюджет Iэхэуэщ Iэнатlэм и институтым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Таукенов Б. А. - Хьэрычэтыщ Iэхэм я хуитныныгъэхэр хьумэныжмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьыгъэр къызэрэпэщыныжмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Iэнатlэм и чэнджэщэгъу пажэр *(Советым и секретарыр)*

Урысбий Хь. Хь. - «Урысейм и ХьуманIэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэпыщIахам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iэхэуэщ Iэнатlэ №8631-м и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэжу В. Ш. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникхэмрэ къэрычатыщIэхэмрэ я союз» лэжьапIэ зытхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ кьудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Шэт М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэр

Эндреев Б. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Банкхэмрэ страховщикхэмрэ я ассоциацэм и президентыр *(зэгурыIуауэ)*

Этезов Р. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэр.

Ди газетым зэрытетащи, КЪБР-м и Правительствэм и Унэм гъатхэпэм и 10-м щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацэм хэтхэм я илъэс зэIущIэр. Абы щыIэпэкIрахащ зэгухьэныгъэм нэгъабэ зэфIэгъэкIахэмрэ мы гъэм нэхъыщхьэу къапэщытхэмрэ.

ЗЭРАУЕЗЫХУАМ тету, зэхьэхьэм и пэублэу ассоциацэмрэ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ, апхуэдэу зэгухьэныгъэмрэ республикэм и ХэхакIуэкIэ комиссэмрэ зэрызэдэлэжьаным теухуа зэгурыIуныгъэхэр зэращIылIащ, Муниципальнэ щIыналъэхэм я советым хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ.

ИужькIэ АСМО-м и правленэм и унафэщI Пэнагуэ Максим илъэс кIуам яхуэзэфIэкIахэм тепсэлъыхьащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, щIыпIэ самоуправленэм и лэжьыгъэр щыIэ хабзэхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэм я уставхэмрэ кьызэрагъэуфыным теуху зыкъызэрагъэпэщащ. Мы зэманым республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и Iэхэуэщ Iаплэхэм щIыху 4616-рэ кьызэщIаубыдэ, 3052-р администрацэхэм я Iэщ IагъэлIэхэщ, 1564-р депутатщ.

- ЩIыпIэ самоуправленэм и Iэнатlэхэр КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, Парламентымрэ Правительствэмрэ купщIафIэу ядолажьэ, муниципальнэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыкIэм, проектхэр зэрагъэзащIам теухуа мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэхэухэр гъэзэным абыхэм ящыгъуу топсэлъыхь. Властым и къэрал органхэм ящыгъуу, муниципальнэ щIыналъэхэм нэгъабэ зэфIэкI хъарзынэ кьагъэзыгъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуащIащ. ГуфIэхьэм щхьэкIэ кьэмынэу, республикэм зеузэщI, Iэнатlэ лIэужьыгъуэ псомкIи гъэ кIуар ипэ ита илъэсым йофIэкI. ПсэупIэу яухуэм, сатум, пщIэкIэ хуащIэ Iэхэухтхьэбзэхэм хохъуэ, мэкъумэш хозяйствэм зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъуэхэр кьыщохьу. ГъавэгъэкIхэмрэ Iэщхьыхьэхэмрэ иужьрей илъэсхэм мыпхьу нэхъыбэ хухах, бизнес мащIэмрэ курытымрэ зажъ. Узыншагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, фикультурэмрэ спортымрэ я Iэнатlэхэм къуажэхэм зыщегъэужьыным хуэунэтIауэ лжьыгъэ щхьэпэ зэфIагъэкIащ. Фельдшер-акушер пунктхэр, щеIэзэ амбулаторэхэр жылагъуэ псоми щолажьэ, илъэсиблым нэс зи ныбжь сабийхэр зэсэнтlэхэмкIэ ирикъуу кьызэрэпэщыным теухуа программэр и кIэм нагъэблагъэ, спорт ухуэныгъэщIэхэр ирагъэкIуэкI. НыбжьыщIэ минитхум нэблагъэм щадэлажьэну «Дыгъэпс кьалэ» сабий академиер кьызэрэзэIуахар Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ къэхъугъэ гъуэзэджэщ. «Урысей Ипщэ» программэм хьхьэу, Налшык перинатальнэ центр, Жэмтхъэлэ Ипщэ къуажэм курыт еджапIэ, Анзорей жылагъуэм метр зэбгъуэзнатlэ зиIэ щIигъуи хуэщIа ФОК, Ташлы-Тала къуажэм псы кIуапIэу кило-метр 13,5-рэ, Прохладнэ къалэм, Бахъсэн, Май муниципальнэ щIыналъэхэм сабий гъэсапIэхэр щаухуэ, нэгъуэщI псэуалъэхэр ящI. Абыхэм нэгъабэ жыджэру елэжьащ, - жиIащ къэпсэлъам.

Къбр-м и АСМО-м и правленэм и зэIущIэхэм зыщыкъэплъэ Iэхэу псори щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыкIэм, абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм теухуащ. Республикэм и жылагъуэ-политикэ органищэхэм, къапщтэмэ, «Урысей зэкъуэт» партыем, ВСМС-м я кьудамэхэм, Жылагъуэ палатэм, профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм, ветеранхэм я советым, нэгъуэщI жылагъуэ, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм зэпыщIэныгъэфI хуаIэщ, Къбр-м и прокуратурэм, Цыхухэм я хуитныныгъэхэр хьумэныжмкIэ уполномоченнэм, къэрал властым и хабзэубзыху, и гъэзэщIакIуэ органхэм зэгурыIуныгъэхэр ярищIыкIащ.

Къуажэхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ я пщэрылъхэр зэрызэкIэлъагъакIуэ хабзэхэм пыщIа Iэхэуэр республикэм и Парламентым кууэ щыIэпхъэрахащ. ЗэIущIэм арэзы щытехуащ, библиотекэхэм, абыхэм я фондхэм кьыщынэмыщIа, Федеральнэ закон №131-ФЗ-м и 14-нэ статьям зэрыщыуБзыхуам хуэдэу, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэхэр жылагъуэхэм кьахуэнэжьын хуейуэ кьызэрагъэувам. Апхуэдэу муниципальнэ щIыналъэхэм жылагъуэ щынагъэнщагъэр кьызэрэщIэзэгъэпэщ щIыкIэр егъэфIэкIуэным, абы цIыхухэр хэшэным хуэунэтIауэ лжьыпхъэхэр Парламентым и зыхуэфащэ комитетым щыгъуэ ягъэбелджылащ.

- Отчет лъэхъэнэм кьриубыдэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм я Iэхэуэщафэр, я сабэп зыкъэлъэр зэрыпхагъэкIыр зэкIэлъыхьауэ кьэтпщытащ. Абыхэм ящыщщ «УФ-м и щIыналъэхэм я къэрал властым я законгъэув (лIыкIуэ), я гъэзэщIакIуэ органхэр зы хабзэм тету кьызэрэзэрагъэпэщ щIыкIэм и нэс зи ныбжь сабийхэр зэсэнтlэхэмкIэ 26.3-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2014 гъэм накъыгъэм и 27-м къащта Федеральнэ закон №136-ФЗ-мрэ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зы хабзэм тету кьызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэм и Iэхэуэ кIэ» Федеральнэ законым и Законэ Федеральнэ законым и Гъэзэщ Iэ Iыхьэ щыIэ Iэхэ рырикъур муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ Iэтауэ щагъэлъэпIащ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iэхэуэгъуэхэр щрагъэкIуэкIащ. ЩIыпIэ самоуправленэм и махуэри зыщыдгъэгъупчащхьам - республикэпсо гуфIэгъуэ зэIущIэрэ муниципальнэ кьулыкъущIэхэм я спартакиадэрэ кьызэдгъэпэщащ. «КЪБР-м и кьуажэхэм ящыщу муниципальнэ щIыналъэ нэхъыфI», «КЪБР-м и кьалэ администрацэ нэхъыфI», «КЪБР-м и муниципальнэ щIыналъэм и цIыхубз унафэщI нэхъыфI», «КЪБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я Iыхьэ унафэщI нэхъыфI», «КЪБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэнатlэ нэхъыфI» зэпеуэм кьрикIуар мэлыжьхьэ дызыхуэкIуэм зэхэтlхьэжьнуц, - къигъэлъэгъуащ АСМО-м и правленэм и тхьэмадэм.

Ар щхьэхуэу кьытеувыIащ щIыпIэ бюджетхэм я хэхъуэхэр зыхуэдэм, бзэжэнд щасэхэм, налогхэм, щIыр щIхьэщIыфIэфIу зэрарубыдым, щIыIыхьэхэмрэ ямыгъэIэпхъуэ мыпхькумрэ ящыщ куэд кадастр учётым зэрыщымытым, хузмыщIакъуэр псэупIэкIэ кьызэрэзагъэпэщым, автомобиль гъуэгуэм я щытыкIэм, экологием, нэгъуэщIхэми пыщIа Iэхэуэм, къэрал властым и органхэм ящыгъуу абыхэм унафэ кьыхуагъуэтым зэрыхуэйм.

- Къалэнхэр куэдщ. Муниципальнэ щIыналъэхэм къапэщытщ КЪБР-м и Iэтащхьэм республикэм и Парламентым Зарызыхуигъэзам щыубзыхуахэр гъэзэщIэным я къаруг хуэзэщIагъэуIуэну. Ар зэдгъэхуэлIэмэ, ди къалэнхэм дазэрыпэлъэщыным шэч хэлъхьам, - кьыхихгъэщащ Пэнагуэ Максим.

Республикэм и къуажэхэм зэрызауэжьыпэ мэкъумэшхэкIхэм я рынокхэр нэгъабэ зыхуэдамрэ теухуауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ КЪБР-м и администрацэхэм я Iэтащхьэкэу Сыжажэ Хьэсэн, Джаппуев Руслан, Кладько Игорь, Краснокан Татьянэ, Ансокъуэ Руслан сымэ.

ЗэIущIэм къызэгъэпэщыныгъэ Iэхэуэгъуэхэм щыхэплъащ, зэгухьэныгъэм и Уставым зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьащ, ми гъэм къапэщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ.

Зэхьэхьэм хэтащ КЪБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзэкъуэ Мухьэмэд, Правительствэм и Тхьэмадэ Мусуков Алий, Конституцэ Судым и Iэтащхьэ Геляхов Абдулыхь, Парламентым и УнафэщIым и кьуэдзэ Бозий Натбий, Къэбэрдей-Балъкъэрым кIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников Владимир, депутатхэр, ирагъэблэгъа кьулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Гуэгъуехьхэм щхьэкIэ къэмынэу

НэхъыфIхэм ящыщщ

● Коллегиехэр

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ кьулыкъум и Управленэу КЪБР-м щыIэм щекIуэкIащ коллегием и зэIущIэ. Абы щыхэплъэжащ илъэс кIуам я лэжьыгъэм кьрикIуахэр, 2016 гъэм и япэ мазихым кьапэщыт къалэнхэм щытепсэлъыхьащ.

ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и прокурор **Жариков Олег**, республикэм и Арбитраж судым и унафэщI **Къуэдзокъуэ Заур**, КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Ташу Мухьэмэд**, зи гугъу тщIы Управленэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэр.

Ар иригъэкIуэкIащ Урысей ФСП-м и Управленэу КЪБР-м щыIэм и унафэщI - республикэм и суд пристав нэхъыщхьэ **Танэ Эдуард**. Ар 2015 гъэ ехьэлIэныгъэхэр яIэу кьызэрэзэранэкIамкIэ гупым ехьэхьэри, мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэнхэр кьаэзэрыпэщылIэр кьыхихгъэщащ. ИкIи ар нэхъыбэу зытещIыхьар цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэращ, я чэзум алиментхэр ятыныр, улахуэмкIэ кьатехуа щIыхуэр, кьэдыхэр егъэпшыныжмкIэ жыпIэми.

Урысей ФСП-м и Управленэу КЪБР-м щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэхэр тепсэлъыхьащ я нэIэ зытет лжьыгъэм кьрикIуахэм. Къыщыхьэр кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу кьэрал, банк Iэхэуэщ Iапхэм, хабзэхьумэ Iэнатlэхэм зэIапхъ дэфтэрхэр электроннэ Iэмалым хуэгъэкIуэн зэрыхуейр.

2015 гъэм я лжьыгъэм щызыIэрагъэхьа ехьэлIэныгъэхэм папщIэ кьыхэжаныкIахэм кубокхэмрэ дипломхэмрэ ираташ.

Кьыхэдгъэщынщи, Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ кьулыкъум и Управленэу КЪБР-м щыIэр аргуэру щытекIуащ «Суд приставхэм я федеральнэ кьулыкъум и щIыналъэ орган нэхъыфI» зэпеуэм.

УАРДЭ Женя.

ЩIынальэр ягъэкъабзэ

● Щэбэт щыIыхьэхуэр

Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм жылагъуэхэр зэлъытIухьным, зэIуэпэщ щIыным щоужьэрэкI. Псыхьуэхэр, кьуажэхэм декIуэкI гъуэгу кусэхэр, уэрам нэхъыщхьэхэр гъэкъэбзэным гулъытэ хэха хуащI.

ШЭДЖЭМ къалэм пхъэнкIий идзыпIэу тIу, Шэджэм псыхьуэм зы щыIуахащ. ЩIыпIэ администрацэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ я лжьакIуэхэм гектар 1,2-рэ кьалэкIэм щагъэкъабзащ, пхъэнкIийуэ тонн 25-рэ Iурагъэшащ, Шэджэм - Налшык - Май автомобиль гъуэгум и Iуфэхэр зэщIакъуащ.

Нартан кьуажэм, жыггъэкIэм я зэгухьэныгъэмрэ Шырытым и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ я Iэхэлъхьэм хуэзэу, Налшык псыхьуэм кьэушьыб идзыпIэ IэрыщIэкIэр щагъэсеящ. Iуэхущапlэ, гъуэгум пхъэнкIийуэ кубометри 170-рэ Iурагъэшащ. Мы зэманым кьуажэкIэр техникэ хэхакIэ зыхуей хуагъазэ.

Лашынкъей жылагъуэм и Набережнэ, Мартым и 8-м и цIэр зезыхьэ и уэрамхэм кьедза Шэджэм псыхьуэр кьагъэкъабзащ, гъэсыныхъэ игъэхуапlэм, кьажащIэм я Iэгъуэблагъэр, пкъыгъуэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм я идзыпIэм и екIуэлапIэхэр зэлъытIухащ.

Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм блэкI «Кавказ Р-29» федеральнэ гъуэгум щыщу километррэ метр щитхум пхъэнкIийрэ кьудамэ гъуэгу тонн 20 щызэхуахьэс-ри, Iурагъэшащ. Уэрам нэхъыщхьэм метр зэбгъуэнатlэ щитху щызэпсыпlуахащ, Гъущ бжьыхэр ялащ.

Шэджэм Ищхъэрэм кьыщагъэута пхъэнкIий идзыпIэ Iэрыщ Iкэр ягъэсеящ. Щхьэлыкъуэ кьуажэм псыхьуэр, хьупIэр, гъуэгубгъуэр, мэз кусэхэр щагъэкъабзэ. Щхьэлыкъуэ Гъущэ псым и Iуфитlым унагъуэ куэншыбымрэ кIэрыхубжьэрыху быдэхэмрэ техникэкIэ щызэщIакъуэ. Нобэ ирихьэлIэу километри 8 зыхуей хуагъазащ, хьупIэу гектари 5 я гъэкъэбзащ. «Кавказ» федеральнэ гъуэгум декIуэкI мэз кусэхэм, я кьуажэм и дыхьэпIэ-дакIыпIэхэм я щытыкIэм зэпымыууэ кIапlэуплъ.

Хьущтэ-Сырт дэт Iуэхущапlэхэм кьедза щыIыпIэкIэр, Шэджэм псыкьелъэхэм я Iэхэлъхэр ягъэкъэбзащ.

Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и жылагъуэхэр зэлъытIухьным, зэIуэпэщ щIыным теуха лжьыгъэхэм пащэ.

КIАРЭ Элинэ.

Хабзэхъумэхэм загъасэ

«Ростелеком»-м и Iуэхущапlэу Нарткъалэ дэтым 2016 гъэм гъатхэпэм и 16-м къыщыдгъэпэщащ цIыху куэд щызэхьихьэ щIыпIэм террористхэм щалэжьыну ягъэхьэзыра щIэпхъаджагъэр къызэпыудыным хуэгъэза командно-штаб еджаныгъэкIэр. Ар зытеухуар оперативнэ штабымрэ терроризмэм и щыналъэр гъэкIуэдыным хуэгъэзауэ абы къызэщIигъэуIуэ къаруэхэмрэ я зэфIэкIым хэгъэхъуэныр щ.

СЦЕНАРИЙМ ипкъ иткIэ, Iэщэкъ зэщIуэзэда террористхэм къалэм связымкIэ и Iуэхущапlэр яубыдащ икIи телекоммуникацэхэм зэранагъэ ираташ. Оперативнэ гупхэм яхуэзфIэкIащ щIэпхъаджащIэкэр къаухъуреихьын. Бандэм хэтхэм щепсэльам нэрылъагъу къэхъуащ абыхэм гъэр ящIа цIыхухэр къаутIыпщыжыну мурад зэрамыIэр. Абы къыхэкIыу, Терроризм пэщIэтыныжмкIэ лъэпкъ комитетым зэрыгурыIуам тету, оперативнэ штабым и унафэкIэ хабзэхъумэкIэ егъэзыкIуэу щIадзащ икIи террористкэ зэтракъутэри, гъэрхэр къыIэщIагъэкIыащ.

А зыгъэсэныгъэм хэтахэм ирагъэкIуэкIа лжьыгъэм арэзы техуауэ республикэм и оперативнэ штабымрэ Терроризм пэщIэтыныжмкIэ лъэпкъ комитетым и аппаратымрэ я унафэщIхэр.

КЪБР-м щыIэ оперативнэ штаб.

Гъэпщкlуауэ щlыдагъэм елэжь цехыр къызэlуэхыр жэуапым ирашалlэ

Урысейм Шынагъэшхагъэмкlэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и Управленэу КЪБР-м щыIэм Прохладнэ районым и фермэхэм ящыщ щыIыдагъэм щэхуу елэжь цех къыщагъэутащ. Апхуэдэу абы екIуалIэрт газ зрикIуэ бжьамийм хуит ямыщIауэ кьыхаша гъэсыныпхъэр. А псори зэхэзыщIыхьари сэтей къащIащ.

КЪЫЗЭРАБЖАМКIЭ, цехыр зы жэщ-махуэм щыдагъэу тонн 50-м нэблагъэм елэжьыр.

Прохладнэ район судым и унафэкIэ «Юхас» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщIым ахъшэхуэ ипшынычу тралъхьащ, абы Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 158-нэ статьям и Iыхьэ 3-м и «б» пунктым кьыщыгъэлъэгъуа хабзэншагъэр зэрилэжьам кьыхэкIыу.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КЪБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● ЗэІущІэхэр

Бзылъхугъэхэр щызэкъуэувэкІэ

Налшык къалэ дэс цІыхубзхэм я советым и лэжьыгъэр къыщІипщытэж, и унафэщІыр щыхах зэІущІэ екІуэкІащ.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Іэминат**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІ **КІурашын Анзор**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**, Налшык къалэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Тонконог Анатолий**, КъБР-м и ЦІыхубзхэм я зэгурыІуэныгъэм и унафэщІ **Къуэлыфэ Иринэ**, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр Іуэху гуапэкІэ къыщІадзащ. Мы советым и лэжьыгъэм къыхэжанэкІа цІыхубзхэм КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Жылагъуэ палатэм, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм, цІыхубзхэм я Налшык къалэ советым я щІыхь тхьилъхэр иратащ.

Къызэхуэсахэм я гур хэхъуэу еплъащ **Азычэ Лидэ** зи унафэщІ сабий сад №5-м и гъэсэнхэм ягъэхьэзыра концерт цІыкІум.

ЩІыпізхуэсэ Іуэхур щІадзэри, 2011-2015 гъэхэм кІуирибыдэу зэфІагъэкІахэм тепсэлъыхьащ ЦІыхубзхэм я къалэ советым и унафэщІ **Дыджэш Лидэ**.

Абы зэрыжиІамкІэ, советым и лэжьыгъэр хуэунэтІауэ щытащ анэм дэІэпыкъуным, сабиигъэр хъумэным, унагъэр гъэбыдэным. ЦІыхубзхэм я советым мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэху зыбжанэми и нэІэ тетщ. Абыхэм ящыщщ «ЦІыхубзым, анэмрэ унагъэмрэ пщІэ яІэныр - лъэпкъ узынщэм и лъабжьэщ» жьхуиІэхэр, Налшык и цІыхубзхэр зэкъуэгъэувэным, ахэр къалэм и жылагъуэ-политикэ гъащІэм жыджэру хэгъэтыным, унагъуэ хуэмыщІахэмрэ пенсэм тІысыжахэмрэ ядэІэпыкъуным теухуа лэжьыгъэр куэд зыхуэныкъуэщ.

Сабийхэм лей къатемыгъэхьэным, цІыкІухэр гъэсэныжмкІэ адэ-анэхэм я жэуапльныгъэр къэІэтыным хуэунэтІа лэжьыгъэм Іуэхуфіхэр кІрикІуащ. А лэжьыгъэм адэкІи пащэнущ, нэхъри зрагъэуфбгъуэ. Унагъуэ хуэмыщІахэм я сабии 100-м щІигъу мы Іуэхумкіэ къызэщІаубыдащ, а цІыкІуэм фІыщІэ къызэрыхуащІыр лъапІэщ мы бзылъхугъэхэм я дежкІэ

Дыджэш Лидэ къытеувыІащ «ЦІыхубзхэр я телъхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэмрэ щэнымрэ хъумэным, гъэбыдэным» конференцыр зэрекІуэкІам. Абы и пэ кІыхуэу къызэрагъэпэщат «Си лъэпкъым и хабзэхэм саззэрыхущытыр» зэпеуэр. Налшык къалэ округым щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэм, курыт еджапІэхэм щІэсхэм ятха сочиненэм я нэхъыфІхэр газетхэм къытрадзащ, sk-news сайтым иралъхьащ.

Советым гъэ къэс ирегъэкІуэкІ къалэдэс бзылъхугъэхэм я нэхъыфІхэр щагъэлъапІэ «Илъэсым и Цыхубз» зэхьыхэр. Налшыкдэсхэр абы поплъэ дахэу, гукъыдэжрэ дэрэжагъуэкІэ зэщІэІэтауэ ирагъэкІуэкІри. ЦІыхубзм гунэс ящыхьауад 2012 гъэм яублауэ, Унагъуэм и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу илъэс къэс ирагъэкІуэкІ «ЗэгурыІуэ зэрылъ унагъуэр - гъащІэм ехъулІэ унагъуэщ» Іуэхури.

Дыджэшыр къытеувыІащ псапэщІэу ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм. ЗэрыгурыІуэгъэущи, ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранэрщ. «ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм, - Щыгъуэ махуэм мэкъуэгъуэм и 22-м - ирихьэлІэу къызэдгъэпэщащ ди нэхъыжьыфІхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я зэІущІэхэр», - жиІащ советым и унафэщІым.

Советым къызэригъэпэщащ цІыхубз суратыщІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ, «Бзылъхугъэ къалэмым къыщІэкІа тхьгъэхэр» усыгъэ пшыхь.

Советым цІыхухэр щригъэблагъэ махуэ хэха иІэщи, зрипльэж илъэситхум цІыху 284-рэ къекІуэлІащ, абы и чэнджэщрэ дэІэпыкъуныгъэрэ хуейуэ.

Дыджэшыр къытеувыІащ зыгъэпІейтей, гулыітэ зыхуэщІыпхэз Іуэхугъуэхэми. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, Іуэхущіапіэ куэдыр зэрызэхуащІыжам, зэхъуэкІныныгъэхэр зэрагъуэтам къыхэкІыу нэхъапэм лэжьа цІыхубз советхэр щІыэжкъым. Абы жиІащ Вольнэ Аулрэ Іэдиихурэ цІыхубз советхэр къыщІызэгъэпэщым зэрыхуейр.

Бзылъхугъэхэм я советым ирегъэкІуэкІа лэжьыгъэм пщІэ хуащІу псалъэ гуапэхэр жаІащ. Къапщтэмэ, Берд Хьэзрэталий къыхигъащІ. ЦІыхубзхэм я советыр нэхъ тегъэчыныхьауэ ижь зэритыпхъэр сабийхэм я ерыскъыпхъэр щагъэхьэзыр комбинат кІыхьэІуегъэхьыжным. Кьалэ администрацэм щыдэлажьэкІэ, щІалэгъуалэр, сабийхэр гъэсэнымрэ гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуищІыпхъэри абы жиІащ.

«ЦІыхубзхэм я кьалэ советыр республикэм и жылагъуэ организацэ нэхъ жьыдэкрэхэм ящыщщ икІи нэхъыщхьэу ар зи фІыщІэр советым и унафэщІырщ», - жиІащ КІурашын Анзор икІи я Іуэхущіапіэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьилъыр Дыджэш Лидэ иритащ.

ЗэІущІэм хэтахэм Налшык къалэм и ЦІыхубзхэм я советым и унафэщІу етІуанэ пІалъэкІэ хахьжащ Дыджэш Лидэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Нобэ Псым и дунейпсо махуэщ

ЩІыхум и гурыщІэри зыхэзыщІэ

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1993 гъэм мазаем и 22-м иригъэкІуэкІа зэхьыхьэм гъатхэпэм и 22-р Псым и дунейпсо махуэу гъэувыным теухуа унафэ къыщащтащ.

ПСЫМ и «хьэл-щэн» гъэщІэгъуэныщэхэм щІэныгъэлІхэри цІыху къызэрыгуэкІхэри куэд щІауэ топсэлъыхь. Зызыужь-зызыхъужу мы дунейм тет псоми я дежкІэ псыр псэхэлъхьэжу къызэралъытэм дэ тщыщ дэтхэнэри дызэрыщІыкІурэ дыщыгъуазэщ. Ауэ а къэщІыгъэ телъыджэм хуэфащэ гулъытэ хуэтщІыфу пІэрэ?

Иджырей щІэныгъэм къызэрихутамкІэ, псым и зэхэлъыкІэр куэдкІэ ельытащ абы къыпэгъунэгъу цІыхум зыхищІэ гурыгъу-гурыщІэхэмрэ и гупсысэкІэмрэ. Псым «зэхих» хъыбарыр, компьютерым ещхьу, «игу ирегубыдэ».

«Псыр псэхэлъхьэжщ», «Псыр псэм и зы ныкъуэщ» псалъэжьхэр зэрызэпэджэжри нэрылъагъущ. Нобэрей щІэныгъэр зыщыгъуазэр а жыІэгъуэхэмкІэ нэхъ пасэу къэІуэта мыхъуауэ пІэрэ?

- Псым и зэхэлъыкІэри телъыджащэщ. Абы и «акъылым» дэтхэнэ зы цІыхуми зыхуей псалъэуха щыхуэтхынущ, хущІегъуэжамэ, нэгъуэщІкІи щыхуэзхъуэкІынущ, - езым кьихутахэмкІэ кьыддогуашэ профессор Рустум Рой.

ЦІыхум и гурыщІэр, и гупсысэр, псым зэрызыхищІэр къэзыгъэлъагъуэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІащ профессор Коротков Константин и лабораторэми. Псы зэрыт хьэкъущыкъур къэзыуВыхьа гупыр, льагъуныгъэм, гу щабагъэм, къабзагъэм ехьэлІа гупсысэкІэр зэрахуэзфІэкІкІэ я щхьэм щаІыгъыну хущІэкъуащ. НэгъуэщІ хьэкъущыкъум псы ирагъахьуэри, а цІыху гуп дыдэр, ауэ нэхъ губжьауэ ирырагъэхьэлІэри, кърагъэувэкІащ икІи я гупсысэхэр шынагъэм, льагъумыхъуныгъэм, зэуэным трагъэуХуащ. ТкІуаткІуэ лІэуэжьыгъуитІри ягъэщтащ, молекулэхэм я зэхэлъыкІэр Іупщі къащІын щхьэкІэ. «ФІыщІэ пхузощі», «Къысхуэгъэгъу» псалъэхэр зыжраІа псым и молекулэхэр тхыпхъэщІыпхъэ дахащэу зэхэуващ. «Си гур пщыкІащ» дыджыгъэр зрапэса псым и кластерхэр микроскопкІэ цыхъэпалъхьыжьым, ахэр нэдкэІуджэ дыдэу къыщІэкІащ.

- Іейм егупсыс цІыхум и Іэпкъльапкъым хэт псыращ псом япэу зэгуауэр. Араш уи гум нэхъыбэрэ фІы ибгъэльыныр щІэнэхъыфІри. КъызэрыщІэкІымкІэ, псым и ухуэкІэр нэхъ Іейжу зэтрекъутэ гулъытэншагъэм. Араш сабийхэмрэ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ зэпымыууэ едэхощІэн, макъ щабэкІэ епсолъэн щІыхуейри, - щыхьэт тохъуэ доктор Мосару Эмоторэ щІэныгъэлІ Грубер Аллоисрэ.

А псом дедэІуа иужькІэ, ди псыежэхэм яІэ хъуа щытыкІэм димыгъэгузэвэн тлъэкІыркъым. Ахэр пхъэнкІий идзыпІэ зэращІыжам дызыхуишэнур сыту пІэрэ, псыр фІыри Іейри зытх компьютермэ?..

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Аруан щІыналъэ

Уэрэдым гукъыдэж къарет

Ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэм я урысейпсо обществэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІащ къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэм хэтхэм я зэпеуэ.

АРУАН РАЙОНЫМ и къэфакІуэхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ абыкІэ зэрыжыджэрым и щыхьэтщ Чёрнэ Речкэ щекІуэкІа концертыр.

Абы хэтащ ипэ ита зэпеуэхэм фІым я фІыжу зыкъущызыгъэлъэгъуа гупхэр.

Зэхуэсым хэтахэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ ныкъуэдыкъуэхэм я республикэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм.

Зыкъэзыгъэлъэгъуахэм ящыщу зи зэфІэкІыр къыхагъэща Тэхъу Мухьэжыр (Къэхун), Шэрджэс Риммэ (Нарткъалэ), Песковая Валентинэ (Чёрнэ Речкэ) сымэ, хэтынущ Налшык щекІуэкІыну гала-концертым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Зэпеуэ

«Урысейм и сабийхэр»

Суратт трахахэр щагъэлъагъуэ «Урысейм и сабийхэр» зэпеуэм и кьалэм нэхъыщхьэр пІэщІыгъуэхэм я зэпыщІэныгъэр. Урысейм и лъэпкъхэм я щэнхабзэм и дахагъымрэ къулеягъымрэ дэтхэнэми и фащэмкІэ къигъэлъэгъуэныщ, щэнхабзэр унагъуэхэм къыщыгъэщІэжыным гулъытэ хуегъэщІынырщ.

УРЫСЕЙМ и цІыхуу гупыж зиІэ псори зэпеуэм хэтыну хуитщ. Абы папщІэ лъэпкъ фащэр зыщыгъ сабийм и суратыр егъэхьын хуейщ мы электрон хэщІапІэм: deti@nazaccent.ru. Лэжьыгъэм щыгъупхъэщ фащэм, конкурсым хэтыр хуеймэ, сабийр къызыхэкІа лъэпкъым ятеуха хъыбар кІэщІхэр.

Зы цІыхум къыбгъэдэкІыу зэпеуэм лэжьыгъищ нэхърэ нэхъыбэ иригъэхьыну хуиткъым. Суратыр щытраха зэманым мыхьэнэ иІэкъым.

2014, 2015 гъэхэм екІуэкІа зэпеуэхэм хэта суратхэр иджырей зэхьэзэхуэм ирагъэхь хъунукъым, апхуэдэуи Іэмал щхьэхуэхэмкІэ абыхэм елэжьауэ, гъэщІэрэщІауэ щытын хуейкъым.

Суратыр зейр ар нэгъуэщІыпІэ къыщагъэсэбэпынкІэ зэрыхъунум арэзы тохъуэ. Трахахэр ирагъэхь хъунущ зэрыт гъэм накъыгъэм и 15 пщондэ.

Ялэ увыпІэр къэзыхьынур яубэхьынущ зи лэжьыгъэм хуэІэзэ суратетхэхэмрэ журналистхэмрэ. ЕтІуанэ увыпІэр зыхуагъэфэщэнру наІуэ къишынущ зэпеуэм и сайтым щрагъэкІуэкІыну Іэ́Іэтым. ТекІуахэм компьютер планшетхэр иратынущ.

«Урысейм и сабийхэр» зэпеуэр ирагъэкІуэкІ Лъэпкъ журналистикэмкІэ гильдием и жэрдэмкІэ икІи Урысейм щыпсэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэкІа псоми яхуэгъэзащ.

● Гу зылъытапхъэ

Зыхуейр къыхахыну Іэмал яІэщ

2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м къыдагъэкІа «Урысей Федерацэм щыІэ ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и Іуэхукіэ» федеральнэ законым къыщыгъэлъэгъуащ цІыхум езыр зыхуей страховой медицинэ Іуэхущіапіэ къыхихыныжмкІэ хуитыныгъэ зэрИІэр. А законыр ягъэзэщІэн, апхуэдэу а Іуэхущіапіэхэм яку зэхьэзэхуэ дэлъын папщІэ КъБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щыналъэ фондым а унэтІныныгъэм страховой медицинэ Іуэхущіапіэ нэхъыбэ 2015 гъэм къыхишэным хуэунэтІа лэжьыгъэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ ИПКЪ иткІэ, 2016 гъэм КъБР-м и щІыналъэм щылэжьэну я мурадщ страховой медицинэ Іуэхущіапіэу 6-м: «Капитал Медицинское страхование» ЗАО-р, «Страховая компания «Ингосстрах-М», «Росгосстрах-Медицина», «Страховая медицинская компания «РЕСО-Мед», «Страховая компания «ВСК-Милосердие» ООО-хэр, «Страховая компания «СОГАЗ-Мед» АО-р.

Республикэм и ЦІыхухэм ІуэхущіапіэщІэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ упщІэхэр зэрэІэм къыхэкІыу КъБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щыналъэ фондым хъыбар фегъащІэ:

Мы зэманым КъБР-м щолажьэ страховой медицинэ Іуэхущіапіэу 2: «Капитал Медицинское страхование» ЗАО-мрэ «СМК РЕСО-Мед» ООО-мрэ. ТІури хохьэ Урысейм нэхъ ину къыщалъытэта страховой компанием 10-м. «Капитал Медицинское страхование» ЗАО-м 1994 гъэм, «СМК РЕСО-Мед» ООО-м 1992 гъэм лэжьэн щІадзащ.

Страховой медицинэ Іуэхущіапіэхэм ятеухуа хъыбар нэхъыбэ къыщыфщІэфынущ КъБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щыналъэ фондым и сайтым - ffomskbr.ru, апхуэдэу езы компаниехэм я сайтым е телефонкІэ я деж упсалъэмэ.

Страховой Іуэхущіапіэр нэхъ тыншу къыхэфхьынымкІэ псом хуэмыдэу гу лъыфтэну чэнджэщ фыдот ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэкІэ федеральнэ фондым а компаниехэм я рейтинг зэхигъэувэм фыкІэпъыпІыну. Ар къыщыбгъуэтынущ фондым и сайтым: www.ffoms.ru.

КъБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щыналъэ фондым и пресс-Іуэхущіапіэ.

Уи щапхъэ дахэр щІэблэм ди фащэу

● Фэеплъ

Си адэшхуэ Локъуэ Хьэмел Хьэзешэ и къуэр зымыщІыху е абы и щІэр фІыкІэ къраІуэу зэхэзымыха Анзорей жылэшхуэм дэсу къыщІэкІынкъым. Унагъуэ дахэм, зэрыныгъым и тхьэмадэу щыта Хьэмел зэманыфІ и пэкІэ бэм яхэІуат адыгагъэ зыхэлъ, «быдзышэ хьэлэл ефащ» зыхужаІэ цІыху угъурлыуэ. Ар ящыщщ ди къуажэм щызэхэта колхозым зи гуащІэшхуэ хэзылъхьахэм, абы и зыужьыныгъэм и къару емыблэжу телэжьахэм.

НЭГЪУЭЩІ куэдми хуэдэу, абы и сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и ужь лъэхъэнэ хьэлъэм хиубыдащ. Нэхъ пасэу зэманым балигъ дэхъуати, ери фІыри зыхищІэрт, губгъуэ и лэжьыгъэми, еджэнми хунэсырт, нэхъыжьхэм я гум зэрыдыхьэным хущІэкъурт. Ауэрэ кьыдокІуэтей, курыт еджапІэр кьеух икІи, и пІалъэр къыщысым, дзэм макІуэ. Абы щыІэу и адэр щхьэщокІ. А гуаузм нэхъри ипсыхьауэ, я ингъуэмкІэ ихь жэуапыр нэхъ кууэ зыхищІауэ, и илъэсищ къулыкъур щытхъу пылъу ирехьэкІри, 1964 гъэм кьегъэзэж.

ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинщэти, япэщІыкІэ машинист, электрик-механик Іэщ Іагъэр зригъэгъуащ. Иужькъэ газ Іуэхум хуеджэри, а ІэнатІэм пэрыту, Анзорей кьуажэм дэс унагъуэхэр газ ткІуаткІуэкІэ зэпымыууэ къызэригъэпэщащ. Гумызагъэт, жьыджэрт, куэдым хунэсырт, зэрыцІыху щабэм, зэрывзгъэзгъым кьыхэкІыу, псоми фІыуэ кьалъагъурт, пщІэшхуи къыхуащІырт.

Унагъуэ дахэ иухуат си адэшхуэм. Лъэкэн ЕтІуанэм щыщ Мэремыкъуэ Умар ипхъу Майерэ абырэ псэуэгъу зэхуэхъури, быныкъ зэдапІащ, зэгурыІуэ-зэдэІуэжу ильэс плІыщІрэ тхуКІэ зэдэпсэуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, щІышылэкІуам и 18-м ар тІэщІэкІащ. Іуэшыыфну, дэлъхуфІу, щхьэгъусэфІу, адэфІу, тхьэмадэ угъурлыуэ дунейм тетащи, кьыдалъхуахэми, и щІэблэми апхуэдэущ ар ди гум кьыдэринэжынур. Уэрэд зыхуаусым хуэдэт ди адэшхуэ Хьэмел. И къуэрылъху-пхъурылъхухэм ар Іэфіу зыхьыдощІэри, мы псалъэхэр лъыдогъэс:

КІуэнущ зэманыр, зэблихъуу гъэхэр
Тхупищэу махуэм ди пщэдейр,
УтІэщІэкІами, уи фэеплъ нэхур,
Тхъумэнщ дапщэщи,
утщІыгъу нэхъей.
УгъащІэ мащІэт, ди дадэ дыщэ,

Удыгъэ-мазэт, дунейгъэнэхут,
Уи щапхъэ дахэр щІэблэм
ди фащэу
Удгъэпэжыну псалъэ удот.

И щІэблэм я гуфІэгъуэ хэпльэну къызэрыхуимыухар хуабжьу дигу кьоуэ. Ауэ къыдалъхуахэу Хьэсэнбий, Хьэмидбий, Борис, Сарэ, Нинэ сымэ тхуэузыншэщи, Тхьэм яхущІигъэхьэ, я мурадхэм кьахуэзэпищэ. Ди адэшхуэм фІыуэ илэжьа псори бэгъуауэ Алыхьым псапэу къритыж.

Локъуэ Алим, Хьэмел и къуэрылъху.
Анзорей къуажэ.

● Псэущхьэхэр

Гъатхэм зыхуащІ

«Налшык и зоопарк» МУП-м гъатхэм зыхуегъэхьэзыр.

МЫБЫ щыІэ псэущхьэхэри къуалэбзуэхэри хъарзынэу гъэ техьащ. ЛыхэкІкІэ ягъашхэхэр зы махуи абы щагъэщІакъым, уеблэмэ бдзэжьеи яІащ. Псом хуэмыдэу абы игъэтхъэжащ а шхыныгъуэр фІыуэ зыльагъу мыщэхэр. МэкъумыльэкІэ яІыгъэхэми я Іуэхур нэхъ Іеяуэ пхужьІэнукъым - бжьыхьэм абыхэм яхурикъун ягъэтІыльагъ.

Дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъуу мыбы щыпащэнущ хьэкІэхъуэкІэхэм я тЫсыпІэхэр нэхъ ин щІыным.

Джэдкъазхэр (къыухэр, губгъуэ бабыщхэр) бжьыхьэ кІасэ хуэху зыхэсыну гуэлыр ягъэкабзэ, джэдэщхэр зэрагъэпэщыж.

Зоопаркым уэрихьэ билетхэм я уасэм зэрыхагъэхъуам щхьэкІи къэмынэу, цІыху куэд къокІуалІэ. Абыхэм зыщапльыхь щІыпІэхэр, лъэс лъагъуэхэр ягъэдэхэну я мурадщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Псэкупсэхэр щагъасэ еджапІэ

Мы гъэм илъэс 16 мэхъури ди щІыналъэм щокІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальзэпеуэр. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ адэкІи зегъэужьныр, а лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэнри, бзэр курыт школхэм зэрыщаджыр егъэфІэкІуэныр, апхуэдэуи а Іуэхухэм хуэлажьэ егъэджакІуэ нэхъыфІхэр гъэпэжныр, еджакІуэ зэчиифІэхэр гъэгушхуэныр зи кьалэн нэхъыщхьэу щыт а зэпеуэм мы гъэми жыджэру хэтщ ди республикэм и еджапІэхэр, сабий гъэсапІэхэр. Мы зэманым район зэпеуэхэр иухауэ, абы щытекІуэхэр зыхэт республикэпсо Іыхьэр йокІуэкІ. Зэпеуэм и къэпщытакІуэхэр иджыблагъэ ирагъэблэгъат Налшык кьалэ щыІэ 65-нэ прогимназием.

БАГЪЭТЫР Ларисэ зи унафэщІ мы Іуэхущ1ап1эр сабий садрэ пэщІэдзэ классхэр щеджэ школу зэхэтщ. Хьэщ1эхэр гуапэу ирагъэблагъэри махуэр зэрекІуэкІыну щІыкІэм щыгъуазэ ящІа нэужь, Іуэхущ1ап1эм и методистымрэ унафэщІым и кІуэдзэмрэ къэпщытакІуэхэм я пащхьэ зрагъэлъхьащ «Лъэпкъ щІыналъэ компонент» жыхуаІэ программэр мы Іуэхущ1ап1эм зэрыщагъэзащІэр. Абыхэм къагъэлъагъуащ зи гугъу сщІа лъэныкъуэмкІэ прогимназием и лэжьыгъэр дагъуэншэу кьыззрызэгъэпэщар. Сабий садми школми жыджэру щрагъэкІуэкІ дерсхэми сабийм и творчествэм зыщрагъэужь гупжьейхэми увыпІэ щхьэхуэ щаубыд лъэпкъ гъэсэныгъэм. Сабийхэм я ныбжьым кьызэрезэгъым хуэдэу зэхалъхьа программэмхэм кьызэщІаубыдэ бзэм зегъэужьныри, эстетикэ гъэсэныгъэм хиубыдэ Іуэхугъуэхэри, республикэм и щІыпІэ дахэхэр нэхъ гъунэгъуу ягъэщІыхун папщІэ цІыкІуэхэр зыплъыхьакІуэ щэнри, нэгъуэщІхэри.

КъыкІэлъыкІуэу махуэшхуэм щыпищащ Іуэхущ1ап1эм и зал хуитышхуэм. Абы кьыщагъэлъэгъуащ илъэс куэд хьауэ адыгэбзэмкІэ иригъаджэу сабий садым щылажьэ Кьарэнашэ Афоэз и дерс. Абы и гъэсэн цІыкІуэхэм ядигъэхьэзырат «ВакІуэдэкІ» хабзэмкьым теухуэ теплъэгъуэ. Ильэси 4-7 зи ныбжь цІыкІуэхэм я усэ кьеджэжкІэр, уэрэд жыІэкІэр, я кьэфэкІэр умыгъэщІэгъуэн плъэкІынтэкъым. ЕгъэджакІуэм сабийхэм яригъэщІащ вакІуэдэкІым теухуа джэгукІэхэр, гъатхэм теухуа усэхэр, кьафэхэр, псалъэжьхэр, нэщэнэхэр. КІэщІу жыпІэмэ, «ВакІуэдэкІыр» зищІысри къащІащ, бзэм, зэхэщІыкІым зезыгъэужь Іэмалхэри кьыщагъэсэбэпащ а зы теплъэгъуэм. КьэпщытакІуэхэр ихьэхуащ сабийхэм я теплъэми - абыхэм екІуу адыгэ фащэ ящыгът, я зыІыгъыкІэри абы хуэкІуэрт.

ХьэщІэхэр адэкІэ ирагъэблагъащ пэщІэдзэ классхэр щрагъаджэ пэшым. Кьарэнашэ Афоэз игъэхьэзыра мастер-классыр теухуат Щоджэнщ1ыкІу Алий и творчествэм. Мыбдежми егъэджакІуэм лэжьакІэ гъэщІэгъуэн кьэпщытакІуэхэм я пащхьэ ирилъхьащ. Адыгэ усакІуэшхуэм и сабий усэхэм фІыуэ щыгъуазэт цІыкІуэхэр. Абыхэм я актёр Іэзагъри сэтей кьэхуащ «Хьэжьигъэ пут закъуэ» рассказым, «Мадинэ» поэмэм щыщ теплъэгъуэхэр кьагъэльагъуэкІэрэ. ШколакІуэ цІыкІуэхэр щыгъуазэт Щоджэнщ1ыкІум и «Къамботрэ Лацэрэ» романми, абы и пычыгъуи гукІэ кьеджахэщ. Пэщ1эдзэ классым щІэс сабийхэм я программэм я тхыгъэшхуэхэр хэмыхьэми, егъэджакІуэ Іэзэм и жэрдэмкІэ сабийхэр щыгъуазэ хуэащ тхакІуэ цІэрыІуэм и творчествэр зэрыкъулейм. Мыбдежми гу лъытапхъэщ егъэджакІуэм кьиргъэсэбэпа Іэмал зэмылІужьыгъуэхэм: предметхэм я зэпыщІэныгъэри, сабийхэм я зэчиим зезыгъэужьхьэри, компьютер гъэлъэгъуэныгъэхэри. Апхуэдэу, илъэс куэд ипэкІэ Щоджэнщ1ыкІу Алий и псалъэхэр зыщІалъхьауэ егъэджакІуэм радиом кьыщигъуэтыжа уэрэд цІыкІуэм яэыхэз сабийхэм ягъэзэщІащ. Гу лъыптэрт егъакІуэ цІыкІуэхэм бзэм хуэмышэрыуэ зэрахэтым, ауэ абыхэм я псэлъэкІэм хэпльагъуэрт ахэр адыгэбзэм ирипсэлъэну зэрымыукІытэр, гушхуэныгъэ яхэлъу гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтыр.

ЕджапІэм и унафэщІ Багъэтыр Ларисэ хьэщІэхэм Іуэхущ1ап1эм и дэтхэнэ пэшри ригъэлъэгъуауэ. Ар кьалэм и апхуэдэ Іуэхущ1ап1эхэм я нэхъыфІ дыдэхэм яхьубжэ зэрыхъунур кьыхагъэщащ хьэщІэхэм. Гуп кьэскІэ яІащ лъэпкъ нэщэнэхэр кьыщыгъэлъэгъуа пл1анэпэхэр. Сабийхэм ящІа скульптурэ хьэлэмэт цІыкІуэхэм я пащхьэ ирилъхьащ. Адыгэ усакІуэшхуэм и сабий усэхэм фІыуэ щыгъуазэт цІыкІуэхэр. Абыхэм я актёр Іэзагъри сэтей кьэхуащ «Хьэжьигъэ пут закъуэ» рассказым, «Мадинэ» поэмэм щыщ теплъэгъуэхэр кьагъэльагъуэкІэрэ. ШколакІуэ цІыкІуэхэр щыгъуазэт Щоджэнщ1ыкІум и «Къамботрэ Лацэрэ» романми, абы и пычыгъуи гукІэ кьеджахэщ. Пэщ1эдзэ классым щІэс сабийхэм я программэм я тхыгъэшхуэхэр хэмыхьэми, егъэджакІуэ Іэзэм и жэрдэмкІэ сабийхэр щыгъуазэ хуэащ тхакІуэ цІэрыІуэм и творчествэр зэрыкъулейм. Мыбдежми гу лъытапхъэщ егъэджакІуэм кьиргъэсэбэпа Іэмал зэмылІужьыгъуэхэм: предметхэм я зэпыщІэныгъэри, сабийхэм я зэчиим зезыгъэужьхьэри, компьютер гъэлъэгъуэныгъэхэри. Апхуэдэу, илъэс куэд ипэкІэ Щоджэнщ1ыкІу Алий и псалъэхэр зыщІалъхьауэ егъэджакІуэм радиом кьыщигъуэтыжа уэрэд цІыкІуэм яэыхэз сабийхэм ягъэзэщІащ. Гу лъыптэрт егъакІуэ цІыкІуэхэм бзэм хуэмышэрыуэ зэрахэтым, ауэ абыхэм я псэлъэкІэм хэпльагъуэрт ахэр адыгэбзэм ирипсэлъэну зэрымыукІытэр, гушхуэныгъэ яхэлъу гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтыр.

Еджапім и унафэщІ Багъэтыр Ларисэ хьэщІэхэм Іуэхущ1ап1эм и дэтхэнэ пэшри ригъэлъэгъуауэ. Ар кьалэм и апхуэдэ Іуэхущ1ап1эхэм я нэхъыфІ дыдэхэм яхьубжэ зэрыхъунур кьыхагъэщащ хьэщІэхэм. Гуп кьэскІэ яІащ лъэпкъ нэщэнэхэр кьыщыгъэлъэгъуа пл1анэпэхэр. Сабийхэм ящІа скульптурэ хьэлэмэт цІыкІуэхэм я пащхьэ ирилъхьащ. Адыгэ усакІуэшхуэм и сабий усэхэм фІыуэ щыгъуазэт цІыкІуэхэр. Абыхэм я актёр Іэзагъри сэтей кьэхуащ «Хьэжьигъэ пут закъуэ» рассказым, «Мадинэ» поэмэм щыщ теплъэгъуэхэр кьагъэльагъуэкІэрэ. ШколакІуэ цІыкІуэхэр щыгъуазэт Щоджэнщ1ыкІум и «Къамботрэ Лацэрэ» романми, абы и пычыгъуи гукІэ кьеджахэщ. Пэщ1эдзэ классым щІэс сабийхэм я программэм я тхыгъэшхуэхэр хэмыхьэми, егъэджакІуэ Іэзэм и жэрдэмкІэ сабийхэр щыгъуазэ хуэащ тхакІуэ цІэрыІуэм и творчествэр зэрыкъулейм. Мыбдежми гу лъытапхъэщ егъэджакІуэм кьиргъэсэбэпа Іэмал зэмылІужьыгъуэхэм: предметхэм я зэпыщІэныгъэри, сабийхэм я зэчиим зезыгъэужьхьэри, компьютер гъэлъэгъуэныгъэхэри. Апхуэдэу, илъэс куэд ипэкІэ Щоджэнщ1ыкІу Алий и псалъэхэр зыщІалъхьауэ егъэджакІуэм радиом кьыщигъуэтыжа уэрэд цІыкІуэм яэыхэз сабийхэм ягъэзэщІащ. Гу лъыптэрт егъакІуэ цІыкІуэхэм бзэм хуэмышэрыуэ зэрахэтым, ауэ абыхэм я псэлъэкІэм хэпльагъуэрт ахэр адыгэбзэм ирипсэлъэну зэрымыукІытэр, гушхуэныгъэ яхэлъу гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэтыр.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Кул Ковбой и ехъулІэныгъэ

● Шыгъажэ

Сэкрэкым и шы заводым шыгъажэм дихьэхэр текІуэныгъэ инкІэ игъэгуфІащ аргуэру. Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм щыІэ «Meydan» ипподромым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм кьыщІэзэджахэр шы лъэпкъ нэхъ къабзэхэрт. «Burj Nahaar Sponsored By Arabian Adventures» ещанэ гупым хэта, илъэсиплІ зи ныбжь, Сэкрэкым и шы заводым ей щыщІэм ягъэ увыпІэр кьихьащ.

МЕТР 1600-рэ зи кІыхьагъ пшахъуэщІым кьыщІэздагъэжа шыхэм ящыщу ещанэ номерым щІэту кьыщІэпхъуа, Сэкрэк шы заводым ей Кул Ковбой занщІэу зричат. Абы и ужьым итт Аль Мактуму шейхым ишхэу Ле Бернардинрэ Россрэ. Ле Бернардиныр етІуанэт.

ЕуэкІыгъуэм нэблэгъауэ Росс ещанэ увыпІэм кьыщыхутащ. Ауэ Бернардин зэрызимытынур наІуэу, етІуанэ увыпІэр иубыдыжащ икІи ди щІыпІэм кьыщагъэхъу шым пэгъунэгъу къэхъуащ. Ауэ абы тес шууейм шыр зэуэ иригъэлъри, зыри ГъунэгъуУ кьыпЪэщІыхьэжакъым. Шыгъажэр ихащ Кул Ковбой псоми къатежауэ. ЕтІуанэу къэсащ Росс, абы кІэлъыкІуэрт Ле Бернардин.

Дуней псом щыщІэрыІуэ Дубайм и кубокыр къэхьыныжмкІэ зэпеуэшхуэ «Meydan» шыгъажапІэм гъатхэпэм и 26-м щекІуэкІынущ. Абы хэтыну Кул Ковбой кьыпэщылъщ нэхъ лъэрызехьэ дыдэу къалъытэ шыхэм кьаджэну.

МАХУЭЩ Шумахуэ.

Щ1ылъэм кърагъэувэхыж

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» гъатхэпэм и 27-м щІедзэж. Абы и пэ кьихуэ зыгъэсэныгъэхэм кьаригъэкІуэхэр къыщапщытэжа зэныбжьэгъугъэ зэІуищІэ вэсэмахуэ зэхэтащ. Налшык и Сабий стадионым ди щІалэхэм кьыщрагъэблагъат Владикавказ и «Алания»-р.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я футбол командэ нэхъыщхьэхэр зыхэт гупым щаІыгъ увыпІэр зыкІи зэтехуэркъым: ди щІалэхэм бжьыпэр яубыдауэ апэ дивизионым хуоплъагъэ, ди гъунэгъухэр кІэух увыпІэхэм ящыщ зым щытщ. Абы щхьэкІэ къэмынэу, сыт щыгъуи хуэдэу, «Спартак-Налшыкымрэ» «Алания»-мрэ я зэІуущІэр хуабжьу удэзыхьэх хуэащ.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъ налшыкдзсхэм джэгур тегушхуауэ ирагъэжьащ. Я напщІэм телът гугъу зрамыгъэхьащ я хьэрхуэрэгъуэхэм зэрефІэкІыфынур. АрщхьэкІэ «Алания»-м ахэр щІылъэм кьригъэувэжьжащ. Хэгъэрейхэм я апэ ебгъэрыкІуэныгъэхэр кьыззтриГъэувыІэри, абы езым «Спартак-Налшыкым» и гъуэмкІэ иунэтІащ. Дакъикъэ пщыкІуплІ дэкІауэ арат осетинхэр апэ щищам. Сикоевыр лъэщу зэуа топым Антиповым зыри хуещІакъым.

Бжьыгъэр зэхуэдэ ящІыжыну налшыкдзэхэм зрачащ. Ауэ абыи къикІа щыІэкъым. Уеблэмэ мыгувэу етІуанэ топри кьыхудагъэкІащ. Загъэпсэхуну имыкІ щІыкІэ Кайтовым «Алания»-м и тепщэныгъэр игъэбзэгъуащ.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэм тренерхэм зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ ирагъэкІуэкІащ. Абы и фІыгъэкІэ «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэхэр нэхъ гуащІэ хуэащ. АрщхьэкІэ хуэфІэкІар зы топ закъуэ дитъэкІыныращ. Хэгъэрейхэм я капитан Бажэ Амир хьэщІэхэм я штрафнойм 67-нэ дакъикъэм щраудащ. Лей кьызытехьам, метр пщыкІуым и деж щыту, топыр дитъэкІыну хуэзэфІэкІащ. НэхъыбжкІэ ди щІалэхэм уащІыщыгугъын щыІэтэкъым. Абыхэм, дауи, зыщагъэгъупщэртэкъым тхьэмахуэ дэкІмэ зэхьэзэхэм зарыщІадзэжыр икІи абы и пэ кьихуэу фэбжь кьахь зэрымыхъунур.

«Спартак-Налшыкым» хэту «Алания»-м дэджэгуащ Антиповыр, Мэкъуауэр (Лелюкаевыр, 59), Тебэрдыр, Дашаевыр (Соблырыр, 71), Кузнецовыр, Дзыхьмыщ1ыр (Багъэтырыр, 61), Семёновыр (Гъурфыр, 46), Балъкъэрыр (Дроздовыр, 46), Каркаевыр (Войновыр, 46), Бажэр, Гугуевыр (Акриевыр, 74).

Аращи, «Спартак-Налшыкым» гъатхэпэм и 27-м зэхьэзэхуэм щІедзэж. Нэгъабэ щыІэн хуеяуэ мы гъэм кьагъэІэпхъуа зэІуущІэм ди щІалэхэр щ1ахуэзэнущ Новочеркасск и МИТОС-м. ЕтІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хэт адрей командэхэм зэпеуэр щрагъэжьэжынур мэлыжьыхьыхьм и 3-рщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Мас-рестлинг

Япэу утыку къохьэ

Кавказ Ищхьэрэм щыяпэу мас-рестлингымкІэ (зэпеІэныжмкІэ) урысейпсо турнир КъБКъУ-м и спорткомплексым щекІуэкІащ. Ар къызэгъэпэщыныжмкІэ сэбэп хуэащ Якутием и делегацэм хэту Налшык къэ-кІуахэр, судьяхэр, спортсменхэр.

ЗЭІУЩІЭР къыщыІэзэуахым утыкур ягъэбжьыфІащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Тхьэгъэлэдж Светланэрэ КъБКъУ-м и студентхэм я ансамблымрэ. Къурихьэлахэм псалъэ гуапэжмкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн, Налшык кьалэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ физическэ щэнхабзэмкІэ и управленэм и унафэщІ Буэд Беслъэн, КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Іэуес, Урысейм мас-рестлингымкІэ федерацэм и унафэщІым и кьалэныр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Афанасьев Алексей сымэ.

Зэхьэзэхуэхэр я хьэлъагъ елъытауэ гуэшат. Нэхъыбэу абы хэтар КъБКъУ-м, ди республикэм и еджапІэхэм щІэсхэрщ.

СантІыкъ Сэлим, Къасым Феликс, Къэбэрдокъуэ Рустам, Блэныхь Іэдэм сымэ етІуанэ увыпІэхэр кьахьащ. Уэлджыр Елдар, Шахмурадов Рэмэзан, Бегиев Аэзмэт, Нуруллаев Юсуф, Маргъущ Алан, ЛыгъУр Муратт, Сосмакъ Ислъам, Мыд Замир сымэ ещанэ хьуахэщ.

ФІыщІэ хуэфащэщ мы спорт клубыр къызэзыгъэпэща, КъБР-м масрестлингымкІэ и федерацэм и президент, Европэм пауэрлифтингымкІэ щэнейрэ къыщыхэжаныкІа Гъубж БетІал. Илъэс тІощІрэ плІырэ зи ныбжь щІалэщІэм нэгъабзщ якутхэм я мас-рестлингым зыщыхуагъасэ секцэр къыщызэІуихар.

Хамэ щІыпІэм кьикІа спортсменхэм ди щІалэхэр зыкІи кьапикІуэтакъым. Япэу утыку кьихьа ныбжьыщІэхэм уащІигъуэ хьунущ дяпэкІи ехъулІэныгъэфІхэр кьагъэлъэгъуну.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Сабийхэм тыгъэ хуащІ

● КъБР-м и прокуратурэм

Урысей ФСИН-м и Іуэхущ1ап1эу КъБР-м щыІэм и ИК-3-м и лэжьакІуэхэр Прохладнэ кьалэ дэт сабий унэ-интернатым щыІащ.

ТЕЗЫРХЭР тКІийуэ щрагъэхьэкІ лъэхъуэщым исхэм сабийхэм тыгъэ хуагъэхьэзырат. Жыг лІэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэщІыкІауэ абыхэм ящІащ стІолхэмрэ шэнтэмрэ. Апхуэдэ Іуэху гуапэр лъэхъуэщым исхэм я гукъэкІщ, абыхэм ящыщ кІэдым езыхэм я бынхэр сабий унэхэм щыІэщ. ЦІыкІуэхэр зыхуэныкъуэ гуапагъэмрэ лъагъуныгъэмрэ халъхьэу абыхэм тыгъэр ягъэхьэзыраш.

УФСИН-м и унафэщІхэм лъэхъуэщым исхэм кьыхалъхьа жэрдэмыр даІыгъащ. УнэлъащІэхэм я гъусэу сабийхэм хуашащ ІэфыкІэхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, хущхьуэхэр. Тезырхэр тКІийуэ щрагъэхьэкІ лъэхъуэщым и лэжьакІуэхэм нэхъапэкІэ зрагъэщІат Сабий унэм щыІэ цІыкІуэхэр зыкъуэныкъуэхэр.

ИК-3-м и лэжьакІуэхэмрэ абы исхэмрэ я мурадщ республикэм щыІэ нэгъуэщІ сабий унэхэми ядэІэпыкъуну. Прохладнэ дэт сабий унэ-интернатым щыІэ цІыкІуэхэр УФСИН-м и лІыкІуэхэм елъІуащ гъэзэлъпІэхэр хуащІыну.

Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфіыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаесэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Нэщ1эныдж Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щ1ъэщэмыщ1 Изэ.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныжмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэзкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатім - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэЛэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1ап1эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 3-нэ нап.)*, Щ1ъэщэмыщ1 Изэ *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* Нэужокъуэ Заирэ. КомпьютеркІэ *газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *суэттехэм елэжьар* Бицу Жанинэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №376